"KALAU sudah tiba di Blitar, segera kabari. Biar nanti Mas jemput. Kamu tidak perlu memesan Gojek!" ucap kakakku di telepon.

Aku tentu akan patuh pada perkataannya. Begitulah kakakku, selalu menyempatkan diri dan mengada-adakan waktu untuk menjemputku di stasiun pada setiap kepulanganku. Apa pun keadaannya. Ia tidak pernah mau menurutiku, bahwa aku tidak perlu dijemput. Aku pernah pulang tidak mengabarinya dan ia marah—aku paling takut kalau kakakku sudah marah.

Kali ini aku pulang. Ibu dirawat di rumah sakit sejak dua hari yang lalu. Aku terpaksa harus meninggalkan kota Jakarta, meninggalkan hal-hal yang berkaitan dengan kampus sejenak. Dengan KA Brantas aku pulang.

Di Stasiun Pasar Senen, pikiranku tak tenang. Tertuju pada Ibu, dengan pikiran yang macam-macam. Lima belas menit yang lalu, aku baru saja telepon kakakku, menanyakan keadaan Ibu yang terbaru. Masih sama, belum ada perkembangan semenjak hari pertama masuk rumah sakit. Dokter mendiagnosa, Ibu mengalami penurunan fungsi hati.

Sepanjang perjalanan hatiku hanya diisi oleh kegelisahan. Bagaimana jika ketika aku tiba Ibu sudah dipanggil Yang Maha Kuasa? Pertanyaan itu terbersit. Aku berupaya menghilangkannya. Perjalanan ini bukan perjalanan yang biasanya. Aku sama sekali tidak menikmati pemandangan yang tersaji di balik jendela kereta api.

Ketika malam tiba sekitar pukul 19.00, kakakku mengirimkan pesan, menanyakan perjalananku sampai di mana. Membaca pesannya, aku merasa tidak biasa. Tidak biasanya kakakku menanyakan perjalananku, sampai di mana.




Benar-benar aneh. Ada apa gerangan? Apakah keadaan ibu memburuk?

Aku memikirkan hal itu, hingga aku mendengar suara ledakan. Perlahan kereta api berhenti. Aku mendengar teriakan-teriakan. Penumpang ada yang panik. Aku melihat pintu gerbongku terbuka dan mengikuti penumpang yang keluar. Di luar keadaan sudah begitu. Aku menyaksikan kobaran api di ujung kereta api paling depan. Yang ada di pikiranku hanya ingin sedikit menjauh dari kereta api.

Hp-ku berdering. Aku kira ia akan menanyakan keadaanku, tapi ternyata ia mengabarkan keadaan Ibu.

"Keadaan ibu semakin menurun," ucap kakakku dengan suara lemah.

Di tengah kekisruhan yang melanda, aku tidak cukup tega mengatakan bahwa KA Brantas yang kutumpangi mengalami musibah. Aku menduga, kakakku belum mengetahui kalau ada kereta api bertabrakan. Sebab ia tidak menanyakan keadaanku.

**Rumah Pleret, 2023**

**) **Risen Dhawuh Abdullah,** lahir di Sleman, 29 September 1998. Alumnus Sastra Indonesia Universitas Ahmad Dahlan (UAD) angkatan 2021. Alumnus Bengkel Bahasa dan Sastra Bantul 2015, kelas cerpen. Anggota Komunitas Jejak Imaji. Bermukim di Bantul, Yogyakarta.*

## Oase

### F.R. Ayuningtyas

#### KEPADA SANG SAKA MERAH PUTIH

angin tropis
bergelombang di tubuhmu
seperti ombak
negeri

paras haru kali pertama
kau nyatakan diri pada semesta
masihkah kau temukan hari ini
di antara warna nusantara
tabuhan genderang, denting bellyra
dan derap langkah
yang mengantarmu ke puncak?

laju waktu serupa cahaya
tak bisa kau cegah perubahan
yang gegas itu

dan ketika gelombangmu senyap
di dada serumpun generasi
lantaran semak beracun yang tumbuh
diam-diam di tubuh negeri
kuyakinkan kepadamu: ombak lain masih ada

terjaga di permukaan samudera
soliton
dan mencintaimu!

**KP, 7/23**

#### HENING CIPTA

Perihal luka di sekujur tubuh
yang kau sembunyikan dalam perayaan

Bagaimana luka pada sekujur tubuh
dapat disembunyikan?

Hanya perihal waktu sampai warna kasa putih
menjadi merah,cokelat kemudian hitam
Hanya perihal waktu sampai aroma nanah
menyebar dari luka-luka busuk yang tertutup

Bagaimana perayaan dihelat dengan luka-luka
di sekujur tubuh?

Hanya perihal waktu sampai panggung lengang
pasukan penjaga melepas topeng-topeng
Hanya perihal waktu sampai gegap gempita usai
carut-marut terdedah dalam tumpukan sampah

Perihal luka di sekujur tubuh
yang kau sembunyikan dalam perayaan
Untuk menghormati para pejuang,
dan untuk kesembuhanmu:
mengheningkan cipta dimulai!

**KP, 7/23**

#### UPACARA BENDERA

Pada suatu masa
merahmu marah
merahmu tumpah
membasah tanah air

amarah dan bambu runcing
jadi gelora perlawanan
dari pelosok-pelosok negeri
merahmu membawa putih
ke puncak
berkibar bebas di deru angin!

Merdeka!

Pada suatu ketika
merahmu marah
merahmu tumpah
membasah tanah air
ini kali bukan bambu runcing
putihmu bercampur nafsu
merahmu tersekap kelindan asap
dari api di jalanan
dan di kursi kekuasaan

Kau tercabik angin
di puncak negeri
sendiri!

Penghormatan hari ini
semoga tak alpa
pada tumpah merahmu
di tanah-tanah jauh
semoga tak lekang
kemurnian putihmu
di dalam jiwa-jiwa
upacara

**KP, 7/23**

**) F.R. Ayuningtyas, bersastra bersama komunitas Lumbung Aksara, salah satu puisinya meraih juara kedua Lomba Cipta Puisi Kulonprogo 2021.*

# MEKAR SARI

KEPLOK mawurahan nalika jenenge Santi sinebut minangka Guru Pendamping Khusus (GPK) Terbaik ing SD duweke Yayasan Ngudi Raharja. Sawijining sekolah favorit sing muride akeh, lan lumrahe anake wong sugih. Ing sekolah kasebut akeh siswane inklusi utawa Anak Berkebutuhan Khusus (ABK), butuh GPK.

Santi ngampingi Lusia, ABK anak mbarep kulawarga Harjono sawijining pengusaha. Santi ngampingi Lusia wiwit bocah kuwi isih kelas 1 nganti saiki kelas 5 munggah kelas 6.

Cetha Santi mongkog, dadi GPK Terbaik. Ing SD Ngudi Raharja ana 10 GPK. SD swasta gedhe, muride akeh. Prestasi *akademik* lan *non akademik* apik. Mula akeh wong tuwa sing nyekolahake anake ana kono.

Santi GPK *freelance* ora melu yayasan ngendi bae. Dadi nampane bayar saka wong tuwane siswa wutuh, ora dipotong dening yayasan sing nggolekake *order*. Santi golek dhewe. Tujune SD Ngudi Raharja pangerten, saben taun ajaran anyar nawakake GPK marang wong tuwane calon siswa. Nawakake GPK sing nyambutgawene becik.

Saben taun, SD kasebut ngadani sayembara kanggo GPK. Sing prestasine paling becik, nampa bebungah. Pengumumane bareng wisudha purnasiswa. Karepe, yen si GPK olehe ngampingi becik siswa ABK bijine apik, bocahe maju, SD-ne oleh jeneng apik.

Santi wis kaping pindho dadi sing nomer siji. Yakuwi nalika Lusia munggah kelas 5 lan saiki Lusia munggah kelas 6. SD kono uga ora mung waton nampa GPK pilihane wong tuwane siswa. Sekolahan melu cawe-cawe mernahake..

GPK Terbaik oleh *piagam*. Tumrap GPK, piagam luwih migunani nambahi kapercayan wong tuwane siswa. Wong tuwa luwih percaya marga ana bukti tinulis. Apamaneh saka sekolah favorit.




Bubar antuk *piagam* tumeka ngomah, Santi mamerake prestasi-ne marang bapak lan ibune. Mesthi wae wong tuwane sakloron melu bungah melu mongkog. Santi uga banjur ngunggah foto menyang *Facebook* lan *Instragram*. Foto nalika nampa *piagam* lan foto *piagam*-e. Promosi, supaya taun ajaran sabanjure, gampang olehe golek ganti siswa yen Lusia wis lulus. Kejaba kuwi uga kanggo pamer marang Tanto.

Nanging nganti umur *postingan* rong dina, Tanto babar blas ora mbukak FB lan IG-ne Santi. Pancen wis sawetara wektu Tanto ora tau mbukak *postingan*-e Santi, lan ora tau sapa aruh lumantar WA. Kamangka maune Tanto ngoyak-oyak Santi. Nalika semana Santi tansah endha, malah tau ninggal lunga nalika Tanto maratamu.

Saiki, bareng Tanto ora nanggapi, Santi krasa ana sing kurang. Satemene mongkog nalika Tanto ngoyak-oyak. Seneng nalika bisa ndadekake Tanto minangka dolanan.

"Yoh, titenana nek tetep ora nanggapi," batine Santi kemropok.

Kepengine Santi, sing nyedhaki kelase sandhuwure Tanto. Nanging kanyatan, ya mung Tanto sing gelem nyedhaki Santi. Umure Santi wis 40 taunan. Prawan kasep. Apamaneh rupa lan blegere Santi ya mung lumrah

Ngancik seminggu Tanto tetep ora nggape *postingan*-e Santi. Mula Santi wiwit mikir lan ngukur. Umure Tanto sabarakan karo Santi, jaka tuwa. Dudu wong kantoran nanging cekel gawene maton. Apa kurange. Umure Santi terus mrambat, lan ora ana wong liya sing katon duwe krenteg nyedhaki. Saiki Santi gela, nanging dheweke isin yen kudu genti sing ndhisiki nyedhaki Tanto.

Santi ora ngerti, satemene arepa meneng Tanto tetep nggatekake, nyawang fotone Santi ing *medsos*. Asring kanthi sesidheman jaka tuwa kuwi menyang sekolahan papane Santi dadi GPK. Tanto butuh nyawang Santi senadyan saka kadohan. ❑-d

## Geguritan

### Keliek SW

#### KRAMAT AGUSTUS

Senadyan wis ora keprungu jumledhore bedhil
Lan mbledhose granat
Nanging Agustus iku sasi kang kramat
Jalaran para pejuwang kamardikan sing wis sumare
Rinasa bangkit saka kubur
Superlu nulat kahanan sing biyen ajur-mumur

Aku nyekseni:

Para pejuwang iku
Ora niyat njongkeng kawibawaning negara
Ora nedya njarah-rayah bandha donya
Nanging mung saderma ngelingake
Lamun ing jaman mardika
Keadilan isih durung warata

Aku memuji:

Ing madyaning sasi Agustus kang kramat
Ing gumuruhe kahanan jagad
Para pejuwang kang wus sumare iku
Manggih kasuwargan sejati
Lan para nayaka praja pangarsaning negara
Ora lali marang sejarah kawuri
Ora ngiyanati gegayuhan suci

**Nganjuk, 2023**

#### GENDERAKU

Genderaku dironce sambung-sinambung
Ngrenggani dalan-dalan lan lurung-lurung
Kuthaku wedhakan menor
Kaya wanita metropolis, dudu prawan slebor

Lampu warna-warni gumebyar
Madhangi wengi-wengi Agustus kang atis
Ngancani para andon lelana napak tilas sejarah kamardikan
Sing wulan-wulan kepungkur lepas saka bundhelan
Jalaran ketrajang ombak jaman
Nguber kabutuhan padinan

Genderaku kumlebat, ngawe-awe sapa wae
Amrih jiyarah menyang taman makam pahlawan
Kirim donga anyawur kembang
Minangka atur panuwun lan pakurmatan

**Nganjuk, 2023**

#### SANGISORE GENDERA

Ngadeg sangisore gendera dwi-warna
Sing kumlebet ing pucuk cagak kang jejeg-prakosa
Wetuning eluhku ora bisa dakbendung
Tumetes-ketes ing pipi
Dadi tembang dadi kidung

Sang dwi-warna, genderaku sing prasaja
Aweh pralambang lan pituduh terang-trawaca
Abang iku wani, putih iku suci
Dadi gegaran leladi marang Ibu Pertiwi

Sangisore gendera abang-putih
Aku tumungkul amarikelu
Mbudidaya nrawang ilining getih
Mbudidaya nggrayang sepira jembare atiku

**Nganjuk, 2023**

#### NEPI MENYANG JABALKAT

Nepusi sasi Agustus taun iki
Ora beda karo Agustus taun wingi
Uga taun-taun kawuri

Banjur apa maneh sing kudu dakgurit
Yen sing sarwa endah agawe bungah
Wis sumrambah ing sadhengah papan
Saka pucuk gunung nganti tekan lembah

Umbul-umbul lan gendera gula klapa
Lagu-lagu perjuwangan lan pesta andrawina
Wis manjing ing saben jiwa mardika

Saiki, ing madyaning sasi Agustus
Lilanana aku nepi menyang Jabalkat
Amrih bisa mawas dhiri
Ngudi maknane kamardikan kang sejati

**Nganjuk, 2023**

**) Keliek SW, lair ing Wonogiri lan saiki dedunung ing tlatah Nganjuk. Aktif nulis sastra Jawa wiwit kelas telu SMP (1979). Tulisane arupa guritan, cerkak, novel, lan artikel ngenani kasusastran.*